**ALISHER KELDIEVICH QODIROV**
**«MILLIY TIKLANISH» DEMOKRATIYALÍQ PARTIYASÍNAN ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTLIGINE TALABAN**

# ÓMIRBAYANÍ

**Alisher Keldievich Qodirov** 1975-jılı 12-martta Tashkent qalasında ziyalı shańaraǵında tuwılǵan.

Milleti – ózbek.

Maǵlıwmatı – joqarı. 1996-jılı Turkiya Res-publikasınıń Egey universitetin (bakalavr), 2009-jılı Tashkent finans institutın (bakalavr), 2011-jılı bolsa Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Mámleketlik hám jámiyetlik qurılıs akademiyasın tamamlaǵan. Qánigeligi – filolog, ekonomist.

Miynet jolın 1996-jılı Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar ministrliginiń Jizzaq wálayatı basqarmasında jetekshi qánige wazıypasınan baslaǵan. 1997–2009-jılları Mámleketlik múlk komitetiniń Jizzaq wálayatı basqarmasında jetekshi qánige, bólim baslıǵı hám basqarma baslıǵınıń orınbasarı lawazımlarında islegen.

2009–2015-jılları Jizzaq wálayatı Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar, investiciyalar hám sawda basqarması baslıǵı lawazımında jumıs alıp barǵan.

2015-jıldan berli Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń deputatı.

2017–2019-jılları jámiyetshilik tiykarda Respublika Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayına basshılıq etken.

2019-jıldan usı kúnge deyin Oliy Majlis Nızamshılıq palatası Spikeriniń orınbasarı, «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası Oraylıq keńesiniń baslıǵı, partiyanıń Nızamshılıq palatasındaǵı frakciyasınıń basshısı lawazımlarında islep kelmekte.

**A.K. Qodirov** Jizzaq erkin ekonomikalıq zonasınıń shólkemlestiriliwinde belsendilik penen qatnasqan. Sonday-aq, 18 jasqa shekemgi balalar tárbiyasın shólkemlestiriwge baylanıslı 3 kitaptan ibarat qollanba avtorlarınıń biri, 3 jastan 18 jasqa shekemgi dáwirde tárbiya hám bilimlendiriwdiń úzliksizligin támiyinlew boyınsha «Úzliksiz tárbiya koncepciyası»n islep shıǵıwda belsene qatnasqan.

**A.K. Qodirov**, sonday-aq, Tálim-tárbiya tarawın nátiyjeli reformalaw boyınsha Oliy Majlis janındaǵı Parlamentlik komissiyanıń baslıǵı bolıp tabıladı.

Shańaraqlı – eki ulı, eki qızı bar. Ómirlik jol-dası M.I. Qodirova – Tashkent qalasındaǵı 83-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń muǵallimi.

## MILLIY TIKLANISH" DEMOKRATIYALÍQ PARTIYASÍNAN ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTLIGINE TALABAN ALISYER KELDIEVICH QÁDIROVTÍŃ SAYLAWALDÍ BAĞDARLAMASÍ

### I. TÁRBIYA HÁM BILIMLENDIRIW BAĞDARÍNDA

**1.1. «Jańa áwlad» mámleketlik baǵdarlaması qabıl etiledi.**

– Bala tuwılǵanınan baslap mektepti pitkergenge shekemgi bolǵan dáwirdi óz ishine alǵan tárbiya hám bilimlendiriw baǵdarlamasınıń islep shıǵılıwı ushın birden-bir «Shańaraq – balalar baqshası – mektep» sisteması jaratıladı;

– shańaraqta salamat perzentti dúnyaǵa keltiriw hám tárbiyanı tuwrı shólkemlestiriw ushın 18 jasqa shekemgi perzentleri bolǵan ata-analar qollap-quwatlanadı;

– balalar baqshalarınıń mámleket tárepinen qarjılandırılıwı hám (jeke menshik balalar baqshalarına ruxsat beriledi) baqsha dáwiriniń aqırǵı bir jılı májbúriy bolıwı belgilenedi. Bul processte eń dáslep, tárbiyashılardıń is haqısı asırıladı, olar ushın jıllıq sertifikatlastırıw tártibi engizilip, balalar baqshaları toparlarında balalar sanın 15 baladan asırmawǵa erisiledi;

– mekteplerde basqarıw, oqıtıwshıǵa múnásibet hám tálim-tárbiya jumısların shólkemlestiriw túpten ózgerttiriledi (jeke menshik mekteplerge ruxsat beriledi). Oqıtıwshılarǵa óz qánigeliginen tısqarı basqa pánlerden sabaq beriw hám klass basshılıǵın bekitiw tártibi biykar etiledi. Klass basshılıǵı tek "Tárbiya" páni oqıtıwshılarınıń juwapkershiligine júkletiledi. Oqıtıwshılarǵa is haqı kamera baqlawları tiykarında esaplanatuǵın reyting ballarına muwapıq belgilenedi. Bunda, eń jaqsı sabaq ótken oqıtıwshı joqarı, sapasız sabaq ótken oqıtıwshı kem is haqı aladı. 10 jıl hám onnan artıq oqıtıwshılıq stajına iye pedagoglarǵa aylıq is haqısınıń 50 procentin ústeme sıpatında qosıp beriw sisteması engiziledi. Oqıtıwshılarǵa 50 jastan napaqaǵa shıǵıw huqıqı beriledi.

**1.2. «Bilimlendiriw inspekciyası» Oliy Majlis janında qayta shólkemlestiriledi.**

– Inspekciya wákillikleri hám olar ushın miynet sharayatları túpten ózgertiledi. Inspekciya tárbiya hám bilimlendiriw processlerin baqlap baradı hám Oliy Majliske sistemalı tárizde esap beredi.

**1.3. Joqarı bilimlendiriw mámleket qaramaǵınan shıǵarıladı.**

– Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi saplastırılıp, Prezident janında Rektorlar keńesi shólkemlestiriledi. Joqarı oqıw orınları ózin-ózi basqarıw sistemasına ótkerilip, JOOlarınıń básekiles sıpatında jumıs alıp barıwı ushın huqıqıy tiykarlar jaratıladı;

– pedagoglar tayarlaw sisteması túpten reformalanadı. Mámleket bul baǵdarda kadrlar tayarlawdıń bas buyırtpashısı sıpatında balalar baqshalarına hám mekteplerge joqarı tájiriybeli oqıtıwshı hám tárbiyashılar tayarlaw sistemasın tolıq qarjılandıradı.

**1.4. Tárbiyanıń ajıralmas bólegi sıpatında milliy kinoindustriya reformalanadı.**

– Bunıń ushın taraw wákilleriniń qánigeligin arttırıwı, tarawǵa shet elden tájiriybeli qánigelerdi tartıw, milliy, tariyxıy hám zamanagóy filmlerdi súwretke alıw ushın qolaylı sharayatlar jaratıladı.

## II. MÁMLEKET BASQARÍW SISTEMASÍNDA

**2.1. Wákillikli uyımlarǵa saylawlarda majoritar hám proporcional sistemalardan paydalanıw ushın huqıqıy tiykarlar jaratıladı.**

– Majoritar, proporcional saylaw sistemasın engiziw arqalı siyasiy partiyalardıń parlamenttegi roli kúsheyttiriledi;

– parlamentte deputat emes, siyasiy partiyalardıń kúshli bolıwı ushın sistema jaratıladı;

– nızamshılıq palatasında deputatlar sanına qarap ministrlikler portfeli bólistiriledi.

**2.2. Xalıq deputatları jergilikli Keńesleriniń wákillikleri hám jumısı qayta kórip shıǵıladı.**

– jergilikli Keńes baslıǵınıń bir waqıttıń ózinde hákim bolıwı tájiriybesi tolıq saplastırıladı;

– jergilikli Keńeslerdiń atqarıw hákimiyatın qáliplestiriwdegi roli hám qadaǵalaw funkciyaları keskin kúsheyttiriledi;

– jergilikli Keńes deputatınıń deputatlıqtan basqa wazıypanı iyelewi múmkinligi haqqındaǵı tártip biykar etiledi.

**2.3. Sud-huqıq sistemasında túpkilikli reformalar ótkeriledi.**

– Sistemalı ózgerisler sud hákimiyatında ádalattı támiyinlew sistemasın jaratıw, sistemada «qan almasıwı» processlerin tezlestiriw hámde tarawǵa jańa áwlad wákillerin tartıw arqalı ámelge asırıladı;

– jazanı ótew mákemeleri Ishki isler ministrliginen Ádillik ministrligine ótkeriledi. Jazanı ótew orınlarınan jazanı ótep, azatlıqqa shıqqan puqaralardıń jámiyetke tez hám nátiyjeli beyimlesiwi ushın huqıqıy tiykarlar kúsheyttiriledi;

– advokatlıq institutı reformalanıp, abıroylı advokatura sisteması qáliplestiriledi. Tarawǵa baylanıslı nızamshılıq tiykarları jetilistiriledi. Qarjılay imkaniyatı sheklengen puqaralar múrájat ete alatuǵın, bunda mámleket subsidiyaların názerde tutatuǵın jańa institut shólkemlestiriledi.

## III. MÁMLEKET EKONOMIKASÍN RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNSHA

**3.1. Mámleket ekonomikasında mámleket qatnasın saplastırıw boyınsha 5 jıllıq mámleketlik innovaciyalıq baǵdarlama qabıl etiledi.**

– Mámlekettiń ekonomikadaǵı rolin keskin saplastırıw boyınsha anıq ilajlar belgilenip, mámlekettiń úlesi bar kárxanalarda transformaciya processleri ámelge asırıladı. Mámleket byudjetine artıqsha júk bolıp atırǵan kárxanalardıń mámleketlik úlesi strategiyalıq investorlarǵa satıladı;

– hár qanday jeńillik hám preferenciyalar qollanılmaytuǵın tek nızamlar menen belgilenetuǵın sistema jaratıladı. Ekonomikada bárshe ushın teń imkaniyat hám sharayatlar jaratılıwına erisiledi;

– kommunallıq xızmet kórsetiw tarawı menshiklestiriledi. Kommunallıq xızmetler kórsetiwshi tárepler mápdar xızmet kórsetiwshi tárepler sıpatında qayta shólkemlestiriledi. Kommunallıq xızmetler kórsetiwde jeke isbilermenlerge tiykarǵı imkaniyatlar jaratıladı.

**3.2. 2026-jılǵa shekem “Kapital amnistiyası”, isbilermenlerge “Salıq amnistiyası” járiyalanadı.**

**3.3. Jumıs beriwshiler ushın xızmetkerlerin májbúriy qamsızlandırıw sisteması engiziledi.**

– Xızmetkerlerdiń sociallıq qorǵalıwı támiyinlenedi. Miynet shártnamasında xızmetkerdiń densawlıǵı menen sociallıq talaplarına shekem bolǵan barlıq jaǵdaylar kepillenedi.

**3.4. Kem támiyinlengen xalıqtı qollap-quwatlawdıń qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan jańa sisteması engiziledi.**

– Kem támiyinlengen shanaraq aǵzaların jumıs penen támiyinlegen isbilermenlerge salıq jeńilliklerin beriw tártibi engiziledi.

## IV. SOCIALLÍQ ÁDALAT, QÁDIRIYATLARǴA HÚRMET HÁM PUQARA ERKINLIKLERIN TÁMIYINLEW BAǴDARÍNDA

**4.1. Milliy úrp-ádet, dástúrler, qáliplesken qádiriyatlarǵa húrmetsizlik ushın juwapkershilik belgilenedi.**

– Ózbekstan Respublikası Konstituciyası milliy úrp-ádetler, dástúrler hám xalqımızda qáliplesken qádiriyatlarǵa bolǵan húrmetsizlik ushın hákimshilik juwapkershilikke baylanıslı normalar menen tolıqtırıladı.

**4.2. Ózbek tili keń qollanılatuǵın, zamanagóy rawajlanıwǵa wyǵın tilge aylanıwı ushın huqıqıy tiykarlar kúsheyttiriledi.**

– Ózbek tilinde jumıs alıp baratuǵın basqa millettegi puqaralardıń is haqısına 25 procentke shekem ústeme qosıladı;

– tarawǵa baylanıslı ilimiy ádebiyatlardan birin ózbek tiline awdarıw ilimiy dáreje alıwdıń shárti sıpatında kiritiledi;

– ózbek tilin biypul úyretiw kursları ushın subsidiyalar ajıratıladı.

**4.3. Sóz erkinligi hám jámiyetti demokratiyalastırıw dawam ettiriledi.**

– Ǵalaba xabar quralları qosımsha qun salıǵınan azat etiledi;

– 50 mıń dawıs toplagan múrájat boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ǴXQda jeke múnásibet bildiriwine baylanıslı sistema jaratıladı.

**4.4. Xalıq qabıllawxanaları biypul yuridikalıq másláhát oraylarına aylandırıladı.**

– Fizikalıq shaxslardıń sudqa múrájat etiwi ushın mámleketlik bajı óndiriw ámeliyatı biykar etiledi;

– hár qanday múrájatqa huqıqıy baha beriw sisteması jaratıladı. Xalıq qabıllawxanaları hákimshilik sudlaw sistemasına integraciya etilgen sudtıń birinshi basqıshı sıpatında puqaralarǵa konsultativ xızmetler kórsetetuǵın sistemaǵa aylandırıladı.

**4.5. Aliment fondı shólkemlestiriledi.**

– 3 ay ishinde tólenbegen alimentler usı fond tárepinen tólenedi hám aliment tólewshiniń azatlıǵın sheklew yaki miynetke májbúrlew arqalı qaplanadı.

## V. SÍRTQÍ SIYASAT BAĞDARÍNDA

– Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına mámleket suverenitetine tásir kórsetetuğın hám milliy qádiriyatlardı kemsitetuğın joybarlarda qatnasıwdı sheklewshi norma kiritiw boyınsha baslama islep shıǵıladı.

– Jáhán sawda shólkemine aǵza bolıw tezlestiriledi. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında tek ǵana ekonomikalıq mápler emes, bálkim, milliy qádiriyatlarına say bolmaǵan hár qanday birge islesiwge jol bermeytuǵın norma sáwlelendiriledi;

– Oraylıq Aziya keń qamtıwlı integraciyalıq sheriklik maydanına aylandırıladı. Ózbekstan sırtqı siyasatında eń áhmiyetli jónelisler sıpatında Oraylıq Aziya mámleketleri menen jaqın múnásibetler jolǵa qoyıladı.

– «Sırt eldegi ózbekler menen qatnas klubı» shólkemlestirilip, dúnyanıń túrli aymaqlarında jasap atırǵan ózbekler menen qatnas maydanı jaratıladı. “Sırt eldegi ózbeklerdi qollap-quwatlaw fondı”, “Ózbek milliy qádiriyatların úgit-násiyatlaw qor”ı shólkemlestiriledi.